ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№42 (23.450) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 10, мэрем ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм Финансхэмкіэ и министерствэр хэплъэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым къищта щіыхуэхэм ящыщу 2017 гъэм ипшыныжын хуейхэм я Іыхьэ пыухыкІамкІэ къыдэІэпыкъуным

Урысей Федерацэм финансхэмкІэ и министр Силуанов А. Г., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. сымэ гъатхэпэм и 6-м лэжьыгъэ Іуэхуклэ зэхуэзащ.

ЗЭІУЩІЭМ къыщыхагъэщхьэхуІащ 2015, 2016 гъэхэм налогыу, налогхэм ящымыщ ахъшэу КЪР-м и республикэ бюджетым къыІэрыхьэр нэхъыбэ зэрыхъуар. Апхуэдэу тепсэлъыхьащ налогыу, налогхэм ящымыщ ахъшэу республикэ бюджетым 2017 гъэм къыІэрыхьэнур нэрылъагъуу нэхъ мащІэ зэрыхъум теухуауэ мазаем республикэ бюджетым халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм, фадэхэкІхэм къапэкІуэ акцизхэми зэрыкІэрыхум.

Апхуэдэу зэІущІэм щыжаІащ республикэ бюджетым и зэпІэзэрытыныгъэр къызэрагъэпэщын папщІэ 2017 гъэм республикэ бюджетым къыІэрыхьэну дотацэхэм зэрыхъэхъуар.

Урысейм Финансхэмкіэ и министерствэр хэплъэнущ республикэм 2017 гъэм ипшыныжын хуей щІыхуэхэм ящыщ Іыхьэр итыжынымкІэ къыдэІэпыкъуным.

УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

Сыт хэхауэ нобэ зэгугъупхъэр?

● Абы дегъэпІейтей

КІуэкІуэ Ю. А. иригъэкІуэкІащ иджыблагъэ къуэка уэсэухъуэм щІыхуибл щыхэкІуэда Іуащхьэмахуэ лъапэ къегъэлакІуэхэм щрагъэкІуэкІа лэжьыгъэм теухуа зэІущІэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтахэм я пащхьэ къыщыщыпсалъэм республикэм и Унафэщіым къыхигъэщащ КЪР-м и Іэтащхьэ Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и Унафэщіым и Іэтащхьэ Мамхэгъ Н. М., Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щіыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Залиханов Къ. Хь., Эльбрус посёлкэм и Іэтащхьэ Джапуев М. Р. сымэ.

КЪР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

Перинатальнэ центрыр хьэзырщ

КЪР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ Налшык къалэ щауха перинатальнэ центрым и Іуэхур здынэсам щытепсэлъыхьа зэІущІэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ КЪР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, абы и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир, КЪР-м уэзнышагъэр хъумэнымкІэ и министр Расторгуевэ Светланэ сымэ.

Зэпсэлъэныгъэхэм къызэрыхэщымкІэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ екІуэкІ ухуэныгъэр и кІэм нэсащ, перинатальнэ центрыр Іэмэпсымэкіэ къызэрэпэщащ, хьэзырщ икІи мазэ зыбжанэкІэ лэжьэн щІадзэнущ. Къызэрэщыпхъэщ, мы центрыр Урысей Федерацэм щынэхъыдІэхэм ящыщу зэрыщытынур, и лэжьыгъэ къызэрэпэщыщІэкІэи, оборудованэкІи, дохутырхэмкІи къызэрыщыхьэ щымыІэу.

ФЫРЭ Анфисэ.

Крылов В. В. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етыным и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм зегъэужьыным ещхь и щхьэкІэ куэд зэрыхищІыхьам кІыхькІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр етын **Крылов Владимир Виктор и къуэм** - «Евдокимов А. И. и цІэр зэрихьэу Москва дэт медико-стоматологие университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм нейрохирургиемрэ нейрореанимацэмкІэ и кафедрэм и унафэщІм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 7-м
№29-УГ

Крылов Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэлъапІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Іэ щІидзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм зегъэужьыным ещхь и щхьэкІэ къаруушхэ зэрырихьэлІам кІыхьэкІыу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» орденыр Евдокимов А. И. и цІэр зэрихьэу Москва дэт къэрал медико-стоматологие университетым нейрохирургиемрэ нейрореанимацэмкІэ и кафедрэм и унафэщІу. Москва дэт къэрал медико-стоматологие университетым и клиникэм и унафэщІщ 2014 гъэ лъандэрэ, гъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапІэм нейрохирургиемрэ нейрореанимацэмкІэ и кафедрэм и унафэщІм.

Крылов В. В. иГъэхъэзыращ щхьэкъуцІым лъыр зэрыщыІэкІуэр, щхьэм, тхы къупщхьэм яГуэта дырыкъуэхэр зэхэзгъэкІынымрэ ахэр гъэхъуэныкъмкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ чэнджэщхэр. Крылов В. В. пІэщІэгъуэкІэ къызэрагъэпэщ нейрохирургием пыщІа Іэхуэхэм щыхурагъаджэ зэхьыхэзэр УФ-м и щынаІъэхэм къыщыІэзэгъэпэщынкІэ ящыщ

● КъБР-м и Парламентым и комитетхэм

Транспорт гъэувыпIэ хэхахэр зэрамыIэм егъэпIейтей

КъБР-м и Парламентым Промышленностымкlэ, транспортымкlэ, связымрэ гъэсэгу хозяйствамкlэ и комитетым и зэIущIэ зыубгъуам щыхэплъащ «Щыпыпlэ хэхам транспортыр зэрагъэIэпхъуэ, ахэр зэрахъумэ, зэрагъэIэпхъуэмрэ зэрахъумэмрэ хуэзэр къызэралъытэ, транспортыр зэрыратыж щыкlэм и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр зэрагъэзащIэм.

АБЫ и лъэныкъуэкlэ лэжьыпхъэхэм ятеухуауэ 2012 гъэм гъатхэпэм и 22-м КъБР-м и Правительствэм къишта Унафэ №10-Р3-м щыгъэбелджылад республикэм и щIыналъэм щаубыд транспортыр зэгурыIуэныгъэкlэ щытыпlэ хэхам щыгъэзыгъэув, щызыхъумэ, щезытыж, апхуэдэу и Iуэхугъэбзэкъэм пэкlуэр зыгъэув организацэ щхьэкъуэкъэр къыщыхах зэпеуэр зэрекlуэкl хабзэхэр.

КъБР-м Транспортымрэ связымкlэ и къэрал комитетым цIыхухэр къызэрыпхашэкlымрэ транспорт инфраструктурэм и псэуалъэхэм я лэжьыгъэмрэ кlэлъыплъыныбжьмкlэ и къудамэм и унафэщI Унэлокъуэ Хьэчим къызэригъэлъэгъуамкlэ, республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакlуэ Iэнатlэм и уполномоченнэм Аруан, Май, Iуащхьэмахуэ, Тэрч, Дзэлыкъуэ, Шэджэм, Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэхэм, Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ къалэ округхэм щыщ организацэ хэхауэ 10-м зэгурыIуэныгъэхэр яригъэIагъ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щылажьэ щытыпlэ хэхахэм транспорт яубыдахэр зэрагъэIэпхъуэм икlи зэрыщахъумэм нэхъыбэ дыдэу пэкlуэ уасэр гъэувыным и Iуэхукlэ» 2013 гъэм щыщхьэуIум и 27-м республикэм Энергетикэмкlэ, псэупlэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкlэ и министерствэм къишта унафэ №39-м ипкъ иткlэ, яубыда транспортыр щытыпlэ хэхахэм зэрагъэIэпхъуэм нэхъыбэ дыдэу ехъулIауэ 41,6-рэ хуэзэ. Транспорт лIэужьыгъуэ щхьэхуэхэм папщIэ, зэрахъумэм пэкlуэу нэхъыбэ дыдэу мыпхуэдэ уасэхэр ягъэуващ: А лIэужьыгъуэм - зы сыхьэтым сомми 6, тонни 3,5-м нэс зи хьэлъагъ В-мрэ Д-мрэ зы сыхьэтым сом 12, тонни 3,5-м щIигъу зи хьэлъагъ Д-м, апхуэдэу С-мрэ Е-мрэ папщIэ зы сыхьэтым тумэнитIрэ сомиплIрэ, пщалъэ хэхахэм къымытIасэ транспорт лIэужьыгъуэхэм зы сыхьэтым тумэнищрэ сомихрэ.

Административнэ къуаншагъэ зылэжьахэм я транспорт 20018-рэ щытыпlэ хэхахэм щагъэуващ. Абыхэм ящыщу 3929-р 2013 гъэм, 4887-р къыкlэпlыкlуэ илъэсым, 6283-р 2015 гъэм, 4919-р нэгъабэ. Жэщ-махуэм къуирыбыдэу игъэIэпхъуэхэм я нэхъыбэр - 7-р Налшык къалэм, 2,5-р - Аруан муниципальнэ щIыналъэм, 2,1-р - Бахъсэн къалэм хуоз.

ЗэIущIэм къыщыхагъэщащ Лэскэн, Шэрэдж, Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэхэм транспорт щытыпlэ хэхахэр, апхуэдэу зыгъэфащэ Iэмэпсымэхэмкlэ къыхэзгъэпэща, транспортыр зэрагъэIэпхъуэ эвакуаторхэр нобэ лажьэ гъэувыпlэ псоми зэрамыIэр.

Къищынэмыщlауэ, гъэугу къэхъукъащIэхэм хэхуа транспортымрэ уголовнэ Iуэхухэм щыхэпlэкlэ щыхьэтлыкъыу къагъэсэбэп транспортымрэ пщIэнэшэу щахъумэну щIыпlэ щхьэхуэхэр зэрагъэбелджылыну щIыкlэр иджыри убзыхуа хъуакъым.

КъБР-м Транспортымрэ связымкlэ и къэрал комитетым чэнджэщ иратащ апхуэдэ щIыпlэхэр къызэрыхахыну щIыкlэм егупсысыну, гъэувыпlэ хэхахэр зимыIэ муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэм ящIыгъуу, ахэр къызэгъэпэщынымкlэ щыIэ хэкlыпlэхэр къалъыхъуэну, щIым техьэ налогым хуэзэр зыхьмэ зыхуэфащэ щэсыпlэ хуагъэлъагъуэу, щIыхухэмрэ Iэнатlэхэмрэ я Iуэхум хашэну.

КъБР-м щыIэ МВД-м Гъуэгу шынагъуэншагъэмкlэ и къэрал инспекцэми чэнджэщ иратащ транспортыр зэраубыдамкlэ, щытыпlэ хэхам зэрыщагъэувамкlэ ар зэйм и чэзум хъыбар ирагъэщIэну.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапl э.

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

ЩIэпхъаджащIэхэм я лъэужьыр зыубзыхухэр



Илъэс къэс гъатхэм и пэщIэдзэм ди къэралым щагъэлъапIэ Урысей МВД-м и Эксперт-криминалистикэ къулыкъур къыщызэрагъэпэща махуэр.

ИлъэС 98-рэ ипэкlэ 1919 гъэм Урысей Федерацэм и Центророзыскым лэжьэн щыщIидзащ Суд экспертизэм и япэ кабинетым. Аращ мы къулыкъум и къежьапIэ хъуари. Кабинетым и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщт щIэныгъэр зи лъабжьэ экспертизэ щIыпIэхэм щызэфIэгъэувэныр, щIэпхъаджагъэхэр щIэныгъэр и лъабжьэу зэхагъэкlыфу агентхэр гъэсэныр, уголовнэ къэлъыхъуэныгъэм и лэжьакlуэхэм дэIэпыкъуныгъэ етыныр.

Хуагъэува къалэнхэр екъулIэныгъэкlэ ягъэзэщIэфын щхьэкlэ эксперт-криминалистхэм нобэ щIэныгъэ куу щаIэн хуейщ унэтIыныгъэ куэдым. Махуэ къэс абыхэм Iэджи зэпалъэт щIэпхъаджащIэхэр зэхагъэкlын папщIэ. Зыгуэр къыщыхъуа щIыпIэм, жэщи махуи жьмыIэу, оперативнихэм я гъусэу япэу нос.

Къулыкъум и къалэн нэхъыщхьэхэм иджы хохьэ эксперт-криминалистикэ Iэмалхэмрэ хэкlыпIэхэмрэ щIэпхъаджагъэхэр къыщыщIагъэщкlэ къагъэсэбэныр. Псом хуэмыдэу ар екъулаIащ терроризмэм, экстремизмэм, хабзэм къемызэгъыу зэрагъакlуэ Iэщэхэмрэ наркотикхэмрэ, зэщIэгъэуIуа экономикэ щIэпхъаджагъэм, щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэмрэ хьэлъэ дыдэхэмрэ зэхэгъэкlыным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и эксперт къулыкъум ящэ лъэбакъуэхэр ичын щIидзащ зауэ нэужь лъэхъэнэм. Республикэм и уголовнэ къэлъыхъуэныгъэм 1947 гъэм къыщызэрагъэпэщащ криминалистикэмкlэ кабинет. КъБР-м щыIэ МВД-м и эксперт къулыкъум и къежьапIэм щытащ Атэлыкъ Гъу., Шиянов П., Могильный А, сымэ. 60 гъэхэм Iэнатlэм пэрыуващ а Iэщlагъэм хуеджахэу Щоджэн Н., Уэлджыр Гъу., Ганжа В., Щоджэн Л., Байсултанов А., Белошапкэ В., Абыхэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуащIащ республикэм эксперт-криминалистикэ къулыкъум зыщегъэужьыным.

БлэкIа лIэщIыгъуэм и 70 - 80 гъэхэм КъБР-м щыIэ МВД-м кримининалистикэ экспертизэхэм къыщынэмыщIауэ, къхэутэныгъэ щхьэхуэхэр щрагъэкlуэкl хуащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и Эксперт-криминалистикэ центрыр (ЭКЦ) нобэ къызэрэгъэпэщащ Iэщlагъэлъхъэщхэмкlэ, иджырей щIэныгъэ-методикэ лъабжьэкlэ. Ахэр Iэмалымшэу узыхуейщ къыхуагъэувэ къалэн инхэр гъэзэщIа хъун папщIэ. Апхуэдэхэщ:

- щIэныгъэр зи лъабжьэ суд экспертизэрэ эксперт къэхутэныгъэрэ къызэгъэпэщыныкlэ зэрыкlуэкlыныр;
- экспертизэхэмрэ къэхутэныгъэхэмрэ егъэкlуэкlыныр, следствэ Iэхуугъуэхэмрэ оперативно-къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ Iэщlагъэлlхэр хэшэныр, эксперт-криминалистикэ учёт, информацэ-справочнэ фонд къызэгъэпэщыныкlэ егъэкlуэкlыныр;
- къэрал дактилоскопие регистрацэмрэ къэрал геномэ регистрацэмрэ егъэкlуэкlыным хэтыныр;
- щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхъуным хущIэкъуныр;
- хэхакlуэ комиссэхэм, референдум егъэкlуэкlыныбжьмкlэ комиссэхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуныр;
- уголовно-процессуальнэ, оперативнэ-къэлъыхъуэныгъэ, административнэ-хабзэ, уголовно-суд Iуэхугъуэхэмкlэ щIэпхъаджагъэхэр щызэхагъэкlкlэ, щIэпхъаджагъэ зылэжьа, хьыбарыншэу кlуэда щIыхэр къыщалъыхъуэкlэ, хьэдэхэр хэтми щаубзыхукlэ эксперт-криминалистикэ Iэмалхэмрэ хэкlыпIэхэмкlэ органхэм ядэIэпыкъуныр;
- эксперт-криминалистикэ Iуэхущ Iафэм и опыт пашэр убзыхуныр, зэуIу щIауэ ЭКЦ-м и Iэнатlэм къыщыгъэсэбэпыныр;
- къхэутэныгъэхэмкlэ Iэмалхэмрэ хэкlыпIэхэмрэ къызэгъэпэщыныр, лъэужьыгъэмрэ нэгъуэщI щыхьэт теухуэ хьэпшыпхэмрэ зэхуэхьасынымкlэ Iэзагъым хэгъэхъуэныр.

ЭКЦ-м нобэ экспертизэ щрагъэкlуэкl эксперт Iэщlагъэ 25-кlэ. Абыхэм ящыщу 5-р нэгъабэ ирагъэжьауэ араш. Къапщтэмэ, 2016 гъэм республикэ МВД-м и эксперт-криминалистикэ Iэнатlэм и лэжьакlуэхэм Iуэхур къыщыхъуа щIыпIэхэр 6869-рэ къаплъыхьащ. Абыхэм ящыщу 5306-р щIэпхъаджагъэхэм япыщIауэ. 3730-м Iуэхур къыщыхъуа щIыпIэм лъэужьхэмрэ объектхэмрэ эксперт-криминал учёт щащIащ. Араш зи фIыгъэр щIэпхъаджагъэ 854-рэ зэрызэхагъэкlар. Къапщтэмэ, нэгъабэ и бадзэуэгъуэ мазэм Налшык укlыгъэ къыщыхъуащ. Ар зылэжьар псынщIэу къызэрахутар зи фIыгъэхэм ящыщщ къигъэна Iэпапlэхэмкlэ щIэпхъаджащIэр хэтми эксперт-криминалистхэм напIэзыпIэм зэрабыхуар.

Криминалистикэ пхъуантэ щхьэхуэу 3 иджыблагъэ къаIэрыхьащ. Ахэр хуабжьу сэбэпщ Iуэхур къыщыхъуар нэсу къэплъыхьныныкlэ, лъэужьхэмрэ Iэпапlэхэмрэ къэхутэныкlэ. КъыщынэмыщIауэ, автоматизированнэ лэжьапlэ Iэнатlэу 2 къызэрагъэпэщащ, зэрызэрагъапщэ микроскоп «LeicaFSM» яIэ хъуащ, фочыщхэр, дагъэ-гъэсыныпхъэхэр, спирт зыхэт продукцэр, наркотикхэкlхэр, нэгъуэщI куэди занщIу къыщащпщытэфын хуэдэу.

Урысей Федерацэм къэрал кIэуцI Iуэхухэмкlэ и органхэм я эксперт-криминалистикэ къулыкъухэм зегъэужьыныкlэ концепцэм ипкъ иткlэ, КъБР-м щыIэ МВД-м и ЭКЦ-р ящыщщ 2017 гъэм ДНК-лабораторэхэмкlэ къызэрагъэпэщыну Урысей МВД-м и щIыналъэ Iэнатlипплым.

Нэгъабэ яухащ макъымрэ псалъэкlэ цIыхур хэтми зэхэзыгъэкlыф фоноскопие лабораторэр зыхуей хуэгъэзэныр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД-м и Эксперт-криминалистикэ къулыкъум зиужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа ветеранхэм я цIэр къиIуапхъащ. Зэгуэр къыхаха Iэщlагъэм хуэпэжу зи гъэсыныгъэ зыхьа Жашуев Хь., Жолдашев Хь., Царикаев Т., Мыщхьуэжь А. сымэ, адрейхэри я щапхъэ нэсщ щIэблэщIэм. Абыхэм я Iэзагъымрэ зэфIэкlымрэ эксперт-криминалист ныбжьыщIэхэм я гъуаэзщ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

Удз гъэгъакIэ цIыхубзхэм фахуэупсэ

ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм теухуа гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэр Тырныуз къалэм щрагъэкlуэкlащ. Кулиевым и цIэр зезыхьэ Щэнхабзэмкlэ унэм щызэхуэсат район, къалэ администрацэхэм, жылагъуэ организацэхэм, политикэ партхэм, предприятхэмрэ Iуэхущ Iапl эхэмрэ я лIыкlуэхэр.

ГУФIэГъУэ зэхыхьэр зэдаIэтащ икlи игъэбжьыфIащ эстрадэм и артистхэмрэ Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и щэнхабзэ творческэ гупхэмрэ. «Арабеск» къэфакlуэ ансамблым «ирланд къафэ» игъэзэщIащ, «Феникс» гупымрэ «Щапхъэ зытрах» цIэр зезыхьэ лъэпкъ къафэмкlэ «Сэлам» ансамблымрэ, дапщэщи хуэдэу, гъэзэджэу зыкъагъэлъэгъуащ.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, Iуащхьэмахуэ щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Афашоковэ Раисэ, щIыпlэ администрацэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Залихановэ Къанщобий и цIэкlэ, цIыхубзхэм хъэхуэу гуапэкlэ захуигъэзащ:

«Мы махуэм хэхауэ фIыщIэ phудощI гуфIэгъуэ, насып, зэIуэпэщыныгъэрэ зэгурыIуэрэ къызэрытхуэфхым папщIэ. Политикэ, щIэныгъэ, щэнхабзэр, социальнэ, жылагъуэ гъащIэм, лэжьыгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я Iуэхухэм жыджэру фыхэту, ди щIыналъэмрэ зэрыщыту республикэмрэ я зыужьныныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хувощI. Фи гуащIэ хьэлэлым фи псэ хуабагъэм, фи Iущагъымрэ дахагъэмрэ, псом хуэмыдэжу, бынхэмрэ унагъэхэмрэ зи пщэм дэлъ цIыхубз-анэхэм, ди лъэпкъхэм я унагъуэ хабзэ нэхъыфIхэр зыхъыумэхэм гум къыбгъэдэкI псалъэхэр флъыдогъэс. Фи Iыхьлыхэм я гупльитарэ лъагъуныгъэрэ фыщремыщIэ. Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и цIыхубз псоми мамыр гъащIэ, фIыгъуэ, зэIуэпэщыныгъэ фIиэну сыныводхъуэхъу».

Апхуэдэу гуфIэгъуэ зэхыхьэм зыкъыщагъэлъэгъуащ артистхэу Узденовэ Танзиля, Гузиевэ Джаннет, Туменов Рустам, Юсуповэ Земфирэ, Джаппуевэ Заирэ сымэ. Зэхуэсахэр къафэ дахэхэм ирагъэплъащ, цIэрыIуэ хъуа уэрэдхэмрэ уэрэдыщIэхэмрэ ирагъэдэIуащ, цIыхубзхэм псалъэ гуапэ хужаIащ.

ГуфIэгъуэ зэIущIэр «Удз гъэгъакIэ цIыхубзхэм фахуэупсэ» уэрэдымкlэ зэхуащIыжащ.

ТАРИМ Алисэ.



Къэбэрдей пщы уэлийм и чэнджэщэгъу, ХьэтIохъущыкъуей щыщ лIы Iущ, дипломат, уэзщIакlуэ Бжьихьэл Лиуан *(XVI лIэщIыгъуэ).*

«Уэс ткIужым и макъыр»

● Гъэсэныгъэ

Бэрбэч Хь. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и физкультуэ-спорт комплексым гъатхэпэм и 5-м щекlуэкlащ художественнэ гимнастикэмрэ спорт къэфакlэхэмрэ я фестиваль. «Уэс ткIужым и макъыр» - арат а махуэшхуэм фIащар.

ИлъэС ещанэ хъуауэ къызэрагъэпэщ мы зэпеуэр, ЦIыхубзкэм я дунейпсо махуэм ирырагъэхьэлIауэрэ. Фестивалым и мурадыр щIэблэр узыншэу, мыхъумыщIагъэхэм дамыхьэхыу псэуным, спортымрэ физкультурэмрэ я Iапэгъуу дунейм тетыным къыхуеджэнырщ.

КъБР-м спортымкlэ и министрым и къуэдзэ Анаев Аслъэн концертыр къыщызэIуихым, къэблагъэ я махуэшхуэмкlэ цIыхубз псоми екъуэхъуащ икlи университетым иIэ екъулIэныгъэхэм зэрыщыгуфIыкlыр къыхигъэщащ. «ЩIэблэр гъэсэныр сыт хуэдэ еджапIэми и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Нобэ дэ долъагъу КъБКъУ-м зэрызиужьыр икlи абы щIэс студентхэм я мызакъуэу, ныбжьыщIэ цIыкIухэми я зэфIэкlыр лъэныкъуэ куэдкlэ къызыкъуахьныныкlэ ар щIэгъэкъуэн зэрыхъур», - къыхигъэщащ министрым и къуэдзэм.

Зэпеуэм хэтахэм номер зэхуэмыдэу 40-м щигъу утыкум щагъэлъэгъуащ: бальнэ, спорт, эстрадэ, хип-хоп къэфэкlэхэр, къуэкlыпIэ къэралхэм щыпсэу лъэпкъхэм я къафэхэр, художественнэ гимнастикэ. Концертым хэтащ «Тай-бо» школым и гъэсэнхэри икlи а бокс лIэужьыгъуэм щыщ Iэмалхэр къагъэлъэгъуащ.

Зэхыхьэм цIыху куэд дыдэ кърихьэлIат, уеблэмэ тIысыпIэ къызылъымысахэри гъунэжт. КъэфакIуэхэр екIуу утыкум зэриратам и мызакъуэу, абыхэм я фащэхэри зэрыдахащэр къыхагъэщащ фестивалым еплъахэм. Зэпеуэм къыхэжаныкlахэм дипломхэмрэ саутэхэмрэ ираташ. НэхъыфIу къалъытахэм ящыщщ КъБКъУ-м и «Дыгъэ цIыкIу» ансамблым хэтхэр.

ДОЛ Иннэ,
КъБКъУ-м и пресс-Iэнатlэм и лэжьакlуэ.

● Аруан щIыналъэ

Унагъуэр ягъэлъапIэ

Старэ Шэрэдж дэт курыт еджапIэ №1-м щагъэлъэпIащ «Къуажэдэс унагъуэ» фIэщыныгъэм щIэт урысейпсо зэпеуэм бжьыпэр щызыубыда икlи зи цIэр «Илъэсым и унагъуэ-2016» щIыхь тхьылъым ихуа Бэчкъанхэ я унагъуэр.

АНАТОЛЭРЭ Нусэрэ щапхъэ зытрах егъэджакIуэ унагъуэщ. КъыдэкIуэтей щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэлъхьэныр зи гущIэри зи зэфIэкlри езыхьэлIа зэщхьэгъусэхэм тIуми зэхэту къызэдакIуащ илъэс 69-рэ зи кIыхьагъ лэжьыгъэ Iуэугуанэ.

Мыбыхэм бынилI зэдапIащ: Мадинэ, Аринэ, Альбинэ, Хьэсанш. Зэгурыlуэрэ зэдэIуэжу къызэдэгъуэгурыкIуа адэ-анэхэм я жьауэм щIэту къэхуа бынхэм псоми курыт еджапIэр дыщэ медалькlэ къаухри, щIэныгъэ нэхъыщхьи зрагъэгъуэтыжащ. Мадинэ экономистщ, Аринэ юристщ, Альбинэ дохутырщ, Хьэсанш экономист, юрист Iэщlагъэхэр иIэщ.

Мы унагъуэр Урысей псом я щапхъэ щIэхъуам и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ Нусэрэ Анатолэрэ я бынхэм зи къуажэр зыбгына къазэрыхэмыкlар. Бэчкъанхэ гъаэз нэсщ зи лъахэм, зи жылэм, зи лъэпкъым къуэпс быдэкlэ епха икlи абы и зыужьныгъэм телъжьэныр я къалэн нэхъыщхьэу къэзылъытэ дэтхэнэ зы унагъуэмкlи.

Унагъуэр щагъэлъапIэ зэхыхьэм къэкIуащ Аруан щIыналъэ, жылагъуэ администрацэхэм, къуажэм дэт агропромышленнэ лицейм, еджапIэхэм я лIыкIуэхэр, къуажэдэсхэр. Ахэр лъэ быдэкlа ува унагъуэ дахэм ехъуэхъащ адэкlи щIэрэщIэну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Лъэпкъ лъагъуэр хэзыша Акъбащ Борис 85

Абыхэм тхыдэр яхъуэжьыфынут

Лъэпкъ цыкIухэм къахэлыдыкI цыхэушхуэхэращ а лъэпкъым и лъагъуэр хэзышыр. Сригушхуэу куэдрэ согупсыс да хэкум. Къэрэшей-Шэрджэсым, щыпсэу, цIыху мин 50-м нызэрыхьэс ди адыгэ лъэпкъым апхуэдэ цIыхушхуэхэр къызэрытхэкIам. Абыхэм ящыщу Къалмыкъ Юрэ, Акъбащ Борис, си щынэхъыжь Станислав, Хъупсырокъуэ Назир... Дэтхэнэри, шэч хэмылъу, щыпсэуа зэманым и лIыхъужь щыпкъэш, Тхьэшхуэм апхуэдэ гъащIэ къагъэщIэну къахуигъэфэщат абыхэм. Ахъщэ щыпсэуа зэманыр къэралым и тхыдэм зэхъуэкIыныгъэ инхэр щигъуэта лъхъэнэт. ИкIи гъащIэр хуэныкъуапэт апхуэдэ цIыху щэджащэхэм.

«ФРАНДЖЫ къэралышхуэр зэфIэувэным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа цIыху 50-р IубгъэкIуэтмэ, Франджым и тхыдэри щыIэжынукъым», - жиIэгъащ генерал Де Голь Шарль. Мы жыIэгъуэр шэч хъытезмыхьэу ecхьэлIэфынущ зи цIэ къисIуа ди лъэпкъылIхэм. Сыт хуэдэ зэман щымыпсэуами, мы адыгэлIхэм тхыдэр яхъуэжьыфынут.

ЯIпэ дыдэу Акъбащ Борис и цIэр щызэхсхар дзэ къулыкъым сыкъикIыжа нэужь, Ар 1970 гъэхэрат. Абы щыгъуэм областым зи цIэр ину щыIуа цIыхушхуэхэм ящыщт Акъбащыр. Иджырыи и ныбжькIэ щIалэ дыдэми, къэрал Iэнатlэшхуэ пэрыт. ЖыIэнрамэ, Борис абы щыгъуэ Къэрэшей-Шэрджэс областым ис адыгэхэм къытхэлыдыкIа вагъуэт.

Иужьым Борис и цIэр зэхэсхащ федеральнэ институтым и унафэщIу щыгъэжьами. Аущ ехьажьэ сэрэ нэIуасэ дыщыщэхуэхъуэр нэхъ кIасэщ. УнэлъащIэ хьэпшащ щытщ ди Iэхъущlапlэм щыдиIэ гъэлъэгъуапlэм Борисрэ пщIэ ин зыхуэсщI и щхьэгъуэсэ ФатIимэрэ зы махуэ гуэрым нэкIуат. Си къуэш Стас щыIэтэхьыми, абы дыпэплъэху, Борисрэ сэрэ дыызэрыцIыхуащ, дыздзэгъэшращ. ЦIыху гъэщIэгъуэныщэу къыщыцIыхуащ ар.

Сакъытемыуфыщ Iэхъунукъым ди лъэпкъым дежкIэ Iэхъугъуэ куэдкIэ гъэнщIауэ щытэ 1990 гъэхэм, а лъэхъэнэм Борис къыкIуэта и ныбжьэгъу, акъылэгъу пэжхэу Хьэтэкъуей Мурат, Килбэ Мухьэмэд сымэ. Фыщщу сыщыгъуазэщ абыхэм яку дэлъа зэхущытыкIэм.

НэгъуэщI зы Iэхъугъуэми и гугъу сыщынщ. Дыгъуасэ гъэзэщIакIуэ властым ущыцIэжьауэ, нобэ жылагъуэ Iэхъум уПэрыуэвэныр, дауи, Iэхъу тынштэжьым. Ауэ Борис а пщэрыпIэр щIыхь ин хэлъу игъэзэщIэн лъэкIащ.

Бегъымбарыр ещIащ: «Сыт щIыхьи нэхъыщхьэу хэлъыи хуэйр?». «Пса къару» (энергия), - кIэитыжащ жэуап Бегъымбарыр. Мис а псэ къарур Акъбащым къебэкIырт. Уеблэмэ вулканым кIыкI мафIэм, ар къызэрикI къарум хэзбгъэдэфынут Борис и хьэл-щэныр. Хуабжьу быдагъ зыхэлIт, арами, къыпхуэгъэшынэхэми ящыщт.

Куэдрэ топсэльыхь Стасрэ Борисрэ зэрызэхущытам, абыхэм яхуэгъэзауэ еПIыкIэ зэхуэмыдэжр къагъэлъагъуэ. Ауэ хэти и фIэщ ищIыну сыхуейщ сыт и лъэныкъуэкIи щэджащэу дунейм тета цIыхуитIым узыфIэмыкIыжьну пщIэ зэхуащIу зэрыщытар. ТIури зыхуэбгъадэ хъун щымыIэу цIыхушхуэт. ИкIи, сэ згъэщIэгъуэнт, а тIум яку псалъэ къыдэмыхуэу, тыншу къызэдекIуэкIамэ... Къэхъуащ я Iэхъу еПIыкIэ щыIэтэмыхуэу, щыздаудэу. Ауэ я эпсэльэныгъэм и кIэуэкIуэ - зэгурыIуэныгъэт, зэкъуэтыныгъэт. Щэч къытезмыкьэу жыслIэфынущ, ябгъэдэлъа жыслIэрэ яхэпа псэ къару инымрэ а цIыхуитIыр нэхъри щэджащэ зэращIар. Стасрэ Борисрэ гъэсэныгъэ яхэлът, тIури пэжым и телъхьэт. Нобэ сэлэпIлъэкIыжри, абыхэм яку дэлъа зэпыщIэныгъэр зыхуэзэгъэн слъагъуркъым.

Дауи, зэхэщIыкI ин зимыIэхэращ нобэ мыпхуэдэу жызыIэфынур: «Дэ фэр щхьэкIэ 1999 гъэхэм утыкум дитащ! Сыт абы къыпэкIар?»... Къапщтэмэ, зэкъым апхуэдэу зэрызэхэсхари. ИкIи цIыху куэд щызэхэс щIыпIэ гуэрым деж сыкъыщиудри щыжиIащ: «Дэ фэр щхьэкIэ утыкум димихьатэмэ, лъэпкъым дыкъуэмытатэмэ, мыпхуэ нахьыбэ дыдэ зыбгъэдэлъхэр къэзыпщытэ ФОРБС-м и щыгум дитынут». АтIэ а зэманым дэ тхуэдэу зи Iэхъум зиужьа щыIакъым. Арами, ткъуэпIа мыпIкъор зэуэ утыку итлъхьауэ щытащ. ЗэдэтщIэр зы Iэхъут, лъэпкъ Iэхъут... Борис ди пашэхэм ящыщт.

Хуэзнысэ Iэхъум папщIэ мывэр, пшахъуэр, гъущIыр, нэгъуэщIхэри уиIэу, цемент уимыIэжмэ, мыдрейхэр сыт ищIысых? Акъбащ Борис ди лъэпкъ IэхъумкIэ «цемент» пкъыгъуэм и къаланыр игъэзащIэрт. Нобэ адыгэр зэгупсысын хуейр абы щыгъуэм ди пашэу щытахэм яуухар тхъумэныращ. Борис цементкIэ игъэбыдэжа лъабжьэр дэркIэ тегъэщIапIэ нэхъыщхьэщ. Ар кIуэдыныкъым, иджыкIэ зэхэмыхьауэ щыту аращ. Шэч къытесхьэркъым абы къэкIуэн зэриIэм.

ПщIэ ин хуэщI Акъбащ Борис, сыпсэухукIи а цIыхушхуэм и фэеплъыр сIэтынщ. Апхуэдэ цIыху щэджащэхэр лъэпкъым щыгъупщэ хъунукъым. ЦIыхум и фэеплъращ къэпхьыкIэу къанэр. ИкIи Борис лъэпкъым зэрыщымыгъупщэнум щхьэ къытесхьэркъым.

СыкъытемыуфыщIэу хъунукъым адыгэм «щхьэгъусэ» фIэщыгъэщIэмкIэ къэдгъэльагъуэм, Борис и гъащIэ гугъэур къыдэзыкIуа бзыльхугъэ гуэкIуэм - ФатIимэ. АтIэ «щхьэгъусэ» псалъэм и мыхьэнэр, и къалэныр нэгъэсауэ игъэщыпкъэжу ФатIимэ Борис бгъэдэтащ. ЖысIэнщи, Борис хуэдэ цIыху къызэрымыкIуэхэм уадэпсэуныр, дауи, Iэхъу тынштэжьым.

Тхыдэм езым и хабзэ иIэжщ. Шынагъэшхуэщ тегъэщIапIэ пщIын тхыдэ гъабжьэ уимыIэныр. Ди лъэпкъым, щэчыншэу, ар и мащIэкъым. Ар фIым дыщыщIыгъэгугъащ. Адыгэм зэхуэсу Борис и гум щигафIэу щыта гуращхэр нэрыльагъу зэрыхьунур си фIэщ мэхъу.

Пщэдей махуэри къэсынщ...

ДЕР Вячеслав,
Федерацэмкlэ Советым хэта, КъШР-м и Адыгэ Хасэм - Шэрджэс Парламентым и Хасащхьэм хэт.

Акъбащ Борис лъэпкъым и цIыху пашэ ахъырэзэману, лIыгъэрэ пэжыгъэрэ хэлъу, пщIэрэ щIыхьрэ иIэу дунейм тетащ. Сэ срогушхуэ си насып къихьу апхуэдэ цIыху щэджащэм сызэрыдэлэжьам, дызэрызэныбжьэгъуам.

1973 ГЪЭР екIуэкIырт. Ленинград инженер-ухуакIуэ институтыр къыщIэзухри Черкесск къэзгъэзэжат. Абы щыгъуэм облисполкомым и тхьэмадэм щэнхабзэмрэ щIэныгъэмкIэ - Шаманов Хьэзрэт-Алий, промышленностымрэ ухуэныгъэмкIэ Акъбащ Борис сымэ и къуэдзэт. А зэманым крайм «теплофизик» IэщlагъэлI апхуэдэу иIэтэхъыми, лэжьыгъэ IэхъукIэ Шамановым сельэIуну сыкIуауэ сежьэу Борис къыщIыхьэжащ. Зэи сыкъэмыпIуагъами, сэлам къызихри, и пэщIы-кIэ щIыхьэжащ. Зэман гуэр дэкIаеу, секретаршэр ириджэри, сыхэтми къеупщIащ. «Шамановым хуейуэ къэкIуащ», - щIыжриIэм, Борис къыщIэкIри къызбгъэдыхьащ. Сэ психологиемкIэ тхылъ гуэр щIэзджыкIыу сыщыстти, «Адыгэхэр психологием дихьэх зэрыхъурэ куэд щIа!» - щIэгуфIыкIыу зыкъыхсхуигъэзащ. ДызэщIэупщIэщ, лэжьапIэ нэужьым дызэIуущIэну къызжиIэри, и кабинетым щIыхьэжащ, сэри Шамановым сыхуэзэри, си Iэхъу зэфIэзгъэкIащ. Борис зэрыжиIам хуэдэу, пщыхьэщхьэм и лэжьапIэм къэзгъэзэжри, сыхьэтихьм нызэрыхьэскIэ дзынэсэлъащ. Апхуэдэу Борисрэ сэрэ япэу нэIуасэ дызэхуэхъуауэ щыта. ИужькIэ и дзэпыкIыгъуэу лэжьапIэ сригъэблагъат, арщхьэкIэ а зэманым си Iэщlагъэмкlэ лэжьыгъэфI кIыкIыхьэкIати, ар хьфIэздзэну сыхуейтэкъым.

Борис а Iэнатlэм щыпэрытам хъуэгурым зегъэужьыныкIэ хуабжьу лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ. Абы и нэIэм щIэту областым щаухуащ мыхьэнэшхуэ зиIэ социально-щIэнхабзэ Iуэхущlапlэ куэд. Сощlэж, сыстудентыкIи щыщIыкIуэжкIэ, Черкесск кьалэм Лениным и уэрамыр псыхъуэ мывэкIэ къыщIыкIауэ, уэрэ лъэхъшэ щыкIуэр иригъэу тету зэрыщIтар. Абыхэм къэнжал зытелъу зырыз дыдэт яхэтыр, адрейхэр шиферыщхьэт. Борис и зэманым, абы и унафэ хэлъу, Лениным и уэрамым ирикIуэ гъуэгур, драмтеатрыр, уэгъ зэтетхэр ящIащ. КIэщIу жьлIэмэ, кьалэм и уэрам нэхъыщхьэм нобэ иIэ теплъэр Борисщ зи фIыщIэр. Акъбащыр абы щыгъуэм илъэс 33-рэт зэрыхъэу. Абы нэхъ щIалэ партэ гъэжьакIуэхэм яхэттэкъым.

АдэкIэ и кьеклэыкIам и гугъу сщIынкъым, фIыщIыгъуаззщи. Урысейм и кьалащхьэм ди адыгэ щIалэм и лъэр щыIуваеу, и Iэхъур хьэлэмэту дэст. 1994 гъэр екIуэкIырт. Сэ КъШР-м и Совет Нэхъыщхьэм (иджы СIыхубэ Зэпщlэм) и тхьэмадэм и къуэдзэу сылажьэрт. А илъэсхэм къэралым зэхъуэкIыныгъэ къыщыхьуахэм дэри и курыкуп сэу дыхэтт. Борисрэ и щхьэгъусэ ФатIимэрэ Нартсанэ дэт «Луч» санаторэм зыщагъэпсэхуу, Борис мыбыкIэ къэкIуат. Абдеж абырэ сэрэ фIыуэ дызэпсэльащ, лъэпкъым и Iэхъур зэрыхьэльэм дытепсэльыхьащ. Борис хуабжьу щIэ къыхуащIырт, и псалъэм пщIэшхуэ иIэти, сельэIуащ, хъунымэ, и хэку къыгъэзэжу, лъэпкъым и Iэхъу зетхэну. «Сегупсысынщи, пщэдей жэуапIуэстыжынщ», - жиIэри ежьэжащ. Ар цIыху пэжу, икърар иIэу щыттти, зэрыжиIам хуэдэу, къыкIэлъыкIуэ махуэм къэпсэльащ:

«ЛъэужьыфIэ ухъу!» - жиIакъэ адыгэм. Мы псалъэжьыр дигу къэзыгъэкIыжар адыгэлI щэджащэу, къызыхэкIа лъэпкъым игу хуитхъэщыкIауэ дунейм тета, лъэужь дахэ щыIыльэм ныкъэтезына, зи цIэр жьыжьэ зыгъэIуа Акъбащ Борис Хьэжмурзэ и къуэрдащ. Ар псэужамэ, илъэс 85-рэ ирикъунут.

«УАДЫГЭУ упсэуныр гугъущ», - жиIэу уса иIэщ Бемырзэ Мухьэдин. Абы къыкIыр нэрыльагъу тщещI зи гугъу тщIы, адыгэу дунейм тетыр зэрыгушхуэ ilы губзыгъэм и гъащIэм. Борис ПсэукIэ-Дахэ кьуажэм щыпсэу Акъбащэ Хьэжмырзэрэ Чэбэхьанрэ я бынунрэ Iэгушхуэм щыщщ. ЩIалэр быным я етхуанэт. Абы и сабиигъэр зауэ, зауэ нэужь зэман хъельэхэм хуэдыдащ. Арами, Хьэжмырзэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхути, и кьуэр Черкесск кьалэм дэт лъэпкъ еджапIэ-интернатым щригъэжащ. Областым щыяпэ дыдэу абы еджапIэр дыщэ медалкIэ кьуахат. Мэкъумэш институт Азов къыщIухэ нэужь, парт, совет кьулыкъхэр иIыгъащ, Къэрэшей-Шэрджэс облисполкомым и тхьэмадзм и къуэдзэу Iэжьащ илъэсибгъукIэ. Абы и нэIэм щIэту областым щаухуащ мыхьэнэшхуэ зиIэ социально-щIэнхабзэ Iуэхущlапlэ куэд.

Пцыуэпцыщагъэр илъагъу хъуртэкъым

«Сегупсысащ, къэзгъэзэжынущ» жиIэри. Апхуэдэу, и мылькуи, и зэфIэкIи, и ныбжьэгъуи - псори къыгъэнэри, и лъэпкъым щхьэкIэ хэку цIыкIум къигъэзэжащ икIи зэуэ лэжьыгъэм зритащ. Борис зи яужь ихьэм, зи Iэр нэсым псэ къыпирыкIу арат зэрыщытыр. Ар Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу хах, республикэм и ЦIыхубэ Зэпщlэм (Парламентым) и депутат мэхъу, къинэмыщIауэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу хах, псори арэзыуэ. А Iэнатlэхэр къегъэсэгъэри, дунеим ехьажьыу и лъэпкъым щхьэзыхь зыкъыхсхуигъэзащ. ДызэщIэупщIэщ, лэжьапIэ нэужьым дызэIуущIэну къызжиIэри, и кабинетым щIыхьэжащ, сэри Шамановым сыхуэзэри, си Iэхъу зэфIэзгъэкIащ. Борис зэрыжиIам хуэдэу, пщыхьэщхьэм и лэжьапIэм къэзгъэзэжри, сыхьэтихьм нызэрыхьэскIэ дзынэсэлъащ. Апхуэдэу Борисрэ сэрэ япэу нэIуасэ дызэхуэхъуауэ щыта. ИужькIэ и дзэпыкIыгъуэу лэжьапIэ сригъэблагъат, арщхьэкIэ а зэманым си Iэщlагъэмкlэ лэжьыгъэфI кIыкIыхьэкIати, ар хьфIэздзэну сыхуейтэкъым.

Борис а Iэнатlэм щыпэрытам хъуэгурым зегъэужьныкIэ хуабжьу лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкIащ. Абы и нэIэм щIэту областым щаухуащ мыхьэнэшхуэ зиIэ социально-щIэнхабзэ Iуэхущlапlэ куэд. Сощlэж, сыстудентыкIи щыщIыкIуэжкIэ, Черкесск кьалэм Лениным и уэрамыр псыхъуэ мывэкIэ къыщIыкIауэ, уэрэ лъэхъшэ щыкIуэр иригъэу тету зэрыщIтар. Абыхэм къэнжал зытелъу зырыз дыдэт яхэтыр, адрейхэр шиферыщхьэт. Борис и зэманым, абы и унафэ хэлъу, Лениным и уэрамым ирикIуэ гъуэгур, драмтеатрыр, уэгъ зэтетхэр ящIащ. КIэщIу жьлIэмэ, кьалэм и уэрам нэхъыщхьэм нобэ иIэ теплъэр Борисщ зи фIыщIэр. Акъбащыр абы щыгъуэм илъэс 33-рэт зэрыхъэу. Абы нэхъ щIалэ партэ гъэжьакIуэхэм яхэттэкъым.

АдэкIэ и кьеклэыкIам и гугъу сщIынкъым, фIыщIыгъуаззщи. Урысейм и кьалащхьэм ди адыгэ щIалэм и лъэр щыIуваеу, и Iэхъур хьэлэмэту дэст. 1994 гъэр екIуэкIырт. Сэ КъШР-м и Совет Нэхъыщхьэм (иджы СIыхубэ Зэпщlэм) и тхьэмадэм и къуэдзэу сылажьэрт. А илъэсхэм къэралым зэхъуэкIыныгъэ къыщыхьуахэм дэри и курыкуп сэу дыхэтт. Борисрэ и щхьэгъусэ ФатIимэрэ Нартсанэ дэт «Луч» санаторэм зыщагъэпсэхуу, Борис мыбыкIэ къэкIуат. Абдеж абырэ сэрэ фIыуэ дызэпсэльащ, лъэпкъым и Iэхъур зэрыхьэльэм дытепсэльыхьащ. Борис хуабжьу щIэ къыхуащIырт, и псалъэм пщIэшхуэ иIэти, сельэIуащ, хъунымэ, и хэку къыгъэзэжу, лъэпкъым и Iэхъу зетхэну. «Сегупсысынщи, пщэдей жэуапIуэстыжынщ», - жиIэри ежьэжащ. Ар цIыху пэжу, икърар иIэу щыттти, зэрыжиIам хуэдэу, къыкIэлъыкIуэ махуэм къэпсэльащ:

«ЛъэужьыфIэ ухъу!» - жиIакъэ адыгэм. Мы псалъэжьыр дигу къэзыгъэкIыжар адыгэлI щэджащэу, къызыхэкIа лъэпкъым игу хуитхъэщыкIауэ дунейм тета, лъэужь дахэ щыIыльэм ныкъэтезына, зи цIэр жьыжьэ зыгъэIуа Акъбащ Борис Хьэжмурзэ и къуэрдащ. Ар псэужамэ, илъэс 85-рэ ирикъунут.

И гъащIэм и кьыкIэлъыкIуэ Iыхьэ хъуащ щIэныгъэм зыщIритар. 1974 - 1976 гъэхэм ар и унафэщIу щытащ Ставрополь политехническэ институтым и кьудамэу Черкесск кьалэм дэтым. Адэкъэ Борис ирагъэблагъэ Москва, СССР-м МэкъумэщIэ хозяйствэмрэ машинэ зэпкърыльхъэныжьмкIи и министерствэм и институтым и ректор Iэнатlэр хэзыгъэ. ИужькIэ а еджапIэ нэхъыщхьэм Промышленнэ академие фIащыжауэ щытащ. Iуэхущlапlэм Борис Хьэжмырзэ и кьуэр илъэс 20-м нызэрыхьэскIэ и унафэщIащ. А зэманым абы дунейм къытригъэхьащ экономикэмрэ хьэрычэт Iэхъумрэ ятеухуа щIэныгъэ зыкъыгъэзэжыдэу 50-м щIигъу. Ар ехъулIэныгъэ иIэу Германием щеджащ икIи абдеж къыщыратащ «менеджер нэхъыщхьэ» дипломыр. ЦIыхухэм я зыужьныгъэм хуэунэмкIэ зэрыхьчэт Iэхъумрэ ятеухуа щIэныгъэ зыжьэд

Памук Орхьэн, Нобель саугъэтым и лауреат

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр №№23-25, 27, 29-32, 37-38-хэм итщ).

16.

Къыкіэлъыкіуэ махуэм псы-къуий мащэм къитх пшахъуэщІыр пшахъуэ дыдэ хъуащ, гъущащ хъэрэ хъуэзэм хуэдэу псынщІэу. Абы зэзмызэ хэпІыгъуэнуг зэмлажІкІэ пІащІэ цІыкІухэмрэ слюда къутахуэхэмрэ, узыпхыплъу къабзэ мывэ гъэщІэгъуэнхэмрэ нэхъ хьэлэмэтэжу мывэ гъуанэпщІанэхэмрэ. МыхьмудІэзэ мащэр нэхъ куууэ иритыхьыу, дэ тІуми къыдгурыІуэрт псы къэдгъуэтынымк и пІэкІэ, абы пэІэщІэ дыхэрэхъур иКІи абы къыхэкІыу дыхэпсэльэжьыхэртэкъым.

Ауэ сэ а псор сигу къеуащу схужьІэнутэкъым. Си гупсысхэр театрым сызэрыщІыхьэнум етаити, абы насыпыфІэ срихъурт. Мыхьмуд-Іэзэ жиІахэри жимыІахэри жэрыжэкІэ зэрысщІэнум сыхущІэкъуурэ, си лъэр схуэзблэмыхьжу сешат пщыхьэщхьэ щцхьэм. Пщыхьэщхьэхэ нэужьым тІэкІу зызгъэпсэхуну сыгъэуЗатати, сэ ешьм гу лъыстэжажьым сызэрыІурихам.

Жэщым сыкъыщцэзэщІуэм, Мыхьмуд-Іэзэ пщыІэм ІэстэкІэм. СыкъыщІэкІащ зыспЛпхьыну, ауэ апхуэдизкІэ кІыфІэтІи, нэм къыщІыІэбзэр пльаГъуртэкъыми, лъэбакъуитІ-щы фІэкІа схуэчакъым: дунейм псор зэрыщІыту нэщІу, сэ фІэкІа кІыятемыпа хуэдэу къысщІыхьри, а гупсысэм щынэ къысхихьхащ, си Іэпхъэпкъым щІыІэ гуэр ирижащ. Апхуэдэу щыт пэтми, сыкъэзыхуэрелихь псоми сэркІэ щэху, нэщцІпхъэуэм ещхь дахагъэ телъыджэ хэлът. Сэ зыхэсщІэрт вагъуэхэр нэхъ гьунэгу къэхъуауэ насыпыфІэ гъащІэ къыспэлпльэу жаІэурэ къиззэрызІыщащэр. ГъэщІэгъуэнщ, Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр Тургай елъэІуауэ арауэ пІэрэ пщэдей театрым сыщІагъэхьэну. Жьыбгъэ къыкъуэуам эщцыхьгъэпщкІуу сэ пщыІэм зыщІэздзэжащ.

Мыхьмуд-Іэзэ къыщыкІуэжар нэхущырщ. Дэ махуэ псом дылэжьащ, пшахъуэ гъущэр тКІыщтэу фІэкІа нэгъуащІ хъер димыІэу. Пщыхьэщхьэм, дызэрихабзэу, «Румелия» къэхъуэефапІэм дыщІэсащ си гъэсакІуэмрэ сэрэ, ауэ сэ адрей махуэхэм нэхъ сынэхъ пІейтейт. Сыхьэтыр бгъуи и ныкъуэ щцхьэм сэ зыри жызмыІэу зыкъэсІэтри сыкъыІукІащ, театрым ухуэзышю уэрамдзкІэжм сыхуэкІуэу. Тургай сыкъынэпщІатэкъым.

Спектаклым щІидзат, сэ сыщынэсам, щэтырым цІыху 25 - 30 хуэдизым е тІэкІу нэхъыбэн щІэст. Щэтырым икум хуэзэу ІъаганІэ иІэти, ар лъэныкъуэ псомкІи уэздгъэхэмкІэ къэгъэнэхуат. Абы щэтыр кІуэцІыр кьыззэрымыкІуэу телъыджэ ищІырт, хьэлэмэт гуэрхэм ущиГъэгугъуэу. Театрым и щІыбагъ Іупхъэуэ щхьэуфІыцІафэт, жэщ уафэм ещхьу, абы сэхуКІэ вагъуэ гъуэжьыфэшхуэхэр тращІыхьат. Языныкъуэ вагъуэхэм кІэ кІыхь апытт, языныкъуэхэри вагъуэ цІыкІу дыдэт.

ЩэтырыМ сыщІигъэхьэн ипэ, Тургай фадэ зэрыт фэлпырхьэбыр къысхуиШиящ. Иджы аркъэр къыхэхъуащ си лъыр зезыхуэм - сэ сызыхуейр зы закъуэт - Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр слъагъуну.

«УзыгъэІуЩ хъыбарэхэм я театрыр» ещхьт 70 гъэхэмрэ къэрал уиуакІэр зауэкІэ щхьэрахъуэкІамрэ я зэхуакъ лъэхъэнэм щыІа цІыхубэ театрхэм, революцэ хуэмэбжьымэ щІихуауэ Анадолэмкіэ щызэуІуа Іэпхъэуэшапхъуэ артист гупхэм я пльафэт, абыхэм я хабзэхэм къыпащэну зэрыхущІэхъури нэрылъагъут. Ауэ мыбжьхэм утыку къэрахьэр капитализмэр зэрамыдэр къызыхэщ пьесхэм я закъуэтэкъым, атІэ фІыуэ зэрыльэгъуаэм ятеуауэ пасэрей хъыбарыжьхэмрэ цІыхубэм иуса шыпсэхэмрэ къытращІыкІыжахэри, муслымэн диныр зи лъабжьэ тепльэгъуэхэри я гъэльэгъуэрт. ЗызымысужьащІи, абыхэм я нэхъыбэр сэ иужькІи къызгурыІуэфатэкъым.

А пщыхьэщхьэм сэ ипэ щІыкІэ гуэшІэ теплъэгъуитІ сеплъащ, телевизорымкІэ къаГъэльагъуэ рекламэхэм зыпащІыжу артистхэм я гъэзывэуэ. Ипэ теплъэгъуэм утыкум къыхащІащІэ тету, гъуэнщдж лъапэ кІэщІ щыгъэщу, ахъшэ жьгъей зэрызэхуахьэс чей цІыкІу иІыгъыу зы щІалэ. Ар бгъэдыхьащ шабзэкъым хуэдэу зи тхыр гъэша нанэм икІи еупщІащ зэхуихьэса ахъшэм сыт хуэдэ унафэ тришІыхьыну нэхъыбІми. Кърата упщІэм и жэуапу нанэм (зэрыхуэзгъэфэщамкІэ ар Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм и анэрат) хъуэнагъэ къикІыу и Іэпхъуамбэр ищІри, щэтырым щІэсхэр дыхьэшхащ.

ЕтІуанэ теплъэгъуэр зытеуухуауэ щытар сэ тэмэму къызгурыІуакъым, сыту жьыпІэмэ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр утыкум къихьат. Абы и бостеикІэр кІэщІыбэзт, и лъакъуэ захуэхэр дахэу къыщІэщырт, и дамащхьэри, и Іэблэхэри, и пщэ лантІэри плъагъурт. И нэхэм сырымэз щІэлът, и Іупэ пІащхэр зэрыла Іупэлъэ плъыжьыбзэр прожекторхэм я уэздыгъэ нэхум тепщІыпщІыкІырт. ЖьыпІэнуракъэ, нэри псэри итхьэкъуу дахэт ар а сыхьэтым. ЗэрыжьыщІэ сабын хьэжыгъэ зэрылъ тхылъымпІэ пхъэнтэр иІыгъыу абы щІыхуэзр зыгъэдахьэшхэ гуэр жиІащ. Бзылъхугъэм къыпэджжащ щэтырыщхьэм кьелэлэх лъэуейм тес дыдукъуш Іэрыщ Іыр (ар «игъэпсалъэрт» Іупхъуэ къуагъым къуэт артистхэм ящІщ зым). Іэхъур щкеІуэкІыр гъавзжкІ, хьэжьгъэ сытхэр щащэ тыкъэн цІыкІу хуэдэти, дыдукъушыр, щэхуакІуэхэм ящІэнакІэ зищІурэ, гъащІэм, Іаугъынытэм, ахъшэм, цІыху зэхэтыкІэхэм ятеуха хьэбар кІэщІхэр жиІэрт. Абыхэм седалуэми зэхэзмыхьу, си нэр Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм тенат. Зы напІэзыпІэкІэ ар езыри сэ къызэплъу къысфІощІри, си гур кьилъэтыным хуэдэу хъуащ. Абы и гуфІэкІэр гуапэт, и зыгъэзэкІэм узэпІэпишэрт. Сэ абы хьэщыкъ сыхуэхъуат, аркъэ сызэфари си щхьэм дэуеяти, театр утыкум къыщыхьур Іупщ Іу къызгурыІуэртэкъым.

Дакъикъэ зыбжанэ фІэкІа мыхъу теплъэгъуэ кІэщІхэр зыр зым кІэлъыкІуэу къаГъэльагъуэрт. Абыхэм ящІщ зым утыкум къихьащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм и адэу къыщыхьуэ лІыр, ІэрыщІу пэ кІыхьыщхьэ пыГъэвауэ. ЯпэщІыкІэ сэ си гугъащ абы зи роль иГъэзащІэр Пиноккио пхъэ гуащэрауэ, ауэ ар зы тхыгъэ гуэрым щыщ монолог кІыхь кьеджащ. Ильэс Іэджэ дэкІа нэужь сэ къэсщІащ - ар де Бержерак Сиранот. Теплъэгъуэм щІэлъ гупсысэ зэхъыщхьэр - ар, напэм и дахагъым нэхърэ, псэм и кьабзагъыр зэрынэхъапэрт.

«Гамлет»-м щыщ пычыгъуэ цІэрыІуэр, лІыхъужь нэхъыщхьэм щхьэкъупщхьэ иІыгъыу «ЩыІэн хьэмэ щымыІэн?» щыжиІэр, ягъэльэгъуа нэужь, театрым и артист гупым зэгъусэу цІыхубэ уэрэд ягъэзэщІащ. Уэрэдыр теухуат льагъуныгъэр зэрынэпцІым, нэхъыщхьэр мылъкур зэрыарам. Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм и нэр имыгъэджьлу къызэрызэплъым иджы шэч къыщІэкъуащ